



Pou Piblikasyon Imedya: 14/04/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE GWO PWOGRÈ NAN EKITE LGBTQ+ NAN KAD
BIDJÈ ETA ANE FISKAL 2023**

***Sa gen ladan 13.5 milyon dola istorik nan finansman sèvis sante ak sosyal pou
LGBTQ+***

***Kreye yon pwosesis pou chanjman non oswa deziyasyon seksyèl nan sètifika
maryaj yo***

***Lidè nasyonal nan egzije tout ajans nan eta a yo pou mete disponib pou piblik la
deziyasyon seksyèl 'X' sou fòmilè eta a yo***

Gouvènè Kathy Hochul te pale aswè a nan Dine Sant Kominotè LGBT 2022 a epi te anonse jodi a gwo pwogrè nan inisyativ ekite pou kominote LGBTQ+ la nan kad Bidjè Eta Ane Fiskal 2023 ki adopte a. Bidjè a gen ladan 13.5 milyon dola pou Depatman Sante sipòte kominote LGBTQ+ la epi plis pase double finansman anyèl Sèvis Sante ak Sosyal pou LGBTQ+. Sa egzije tout ajans yo tou ki kolekte enfòmasyon sou sèks yon moun pou bay yon opsyon pou moun yo make sèks yo kòm 'X' sou fòmilè eta a yo epi ajoute enfòmasyon sa yo nan koleksyon done yo. Bidjè a pèmèt trans-seksyèl Nouyòkè yo tou pou yo chanje non oswa deziyasyon seksyèl yo sou sètifika maryaj yo san kite non mouri yo ladan.

"Travay Sant LGBT a esansyèl pou bay yon espas valè, lanmou ak apatenans pou manm kominote LGBTQ a, espesyalman omoseksyèl ak trans-seksyèl koulè yo", **Gouvènè Hochul te deklare**. "De ane pase yo te difisil pou nou tout men te espesyalman difisil pou Nouyòkè LGBTQ+ yo ki te toujou oblije fè fas avèk nivo izòlman akòz omofobi ak transfobi. Se poutèt sa li enpòtan anpil pou nouvo bidjè adopte nou an pouswiv batay pou egalite avèk nivo istorik finansman eta a ak inisyativ yo pou ekite LGBTQ+".

Bidjè Ane Fiskal 2023 a gen ladan 13.5 milyon dola pou Depatman Sante - yon ogmantasyon 8 milyon dola nan ane fiskal presedan an - pou sipòte kominote LGBTQ+ la ak rezo founisè yo, avèk sèvis sante dirèk, edikasyon ak fòmasyon nan konpetans kiltirèl, devlopman kapasite òganizasyonèl ak inisyativ sou byennèt trans-seksyèl. Ogmantasyon sa rekonèt travay vital òganizasyon ki sèvi Nouyòkè LGBTQ+ yo,

ansanm ak difikilte siplemantè ke manm kominote trans-seksyèl, non-konfòm seksyèl ak non-binè yo fè fas.

Menm apre adopsyon Lwa sou Non-Diskriminasyon Ekspresyon Seksyèl (Gender Expression Non-Discrimination Act, GENDA) an 2019, defansè yo te manifeste yo pou pale sou obstak trans-seksyèl yo te fè fas pou jwenn yon chanjman konplè nan non yo nan sètifika maryaj aktyèl yo. Opsyon yo ki te disponib pou kominote sa se te pou kite non mouri an bife nan sètifika a oswa divòse epi marye ankò. Nan premye bidjè Gouvènè a, li te adopte lejislasyon pou korije pwoblèm sa ak kreye yon fason apwopriye ak afimatif pou trans-seksyèl yo chanje non yo oswa deziyasyon seksyèl yo sou lisans maryaj yo.

Anplis de sa, Bidjè a te gen ladan lejislasyon ki egzije ajans yo nan eta a pou bay yon opsyon pou moun yo make sèks yo kòm non-binè "X" sou tout fòmilè ki kolekte enfòmasyon sou sèks apati 1 janvyè 2023. Depatman Travay, Biwo Sèvis Timoun ak Fanmi an, Biwo pou Asistans Tanporè ak pou Andikape a ak Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl yo pral genyen jiska 1 janvyè 2024. Ajans yo ki pa kapab satisfè dat limit la pral gen pou yo transparan nan efò yo pou satisfè règleman sa a nan poste yon rapò piblik. Avèk adopsyon pwojè lwa sa ak chanjman non nan sètifika maryaj la, New York rete yon lidè nasyonal nan asire ke rejis eta a ak dokiman idantifikasyon yo reflekte toutbon idantite yon moun.

Bidjè a envesti tou 12.5 milyon dola — yon ogmantasyon 3.7 milyon dola pa rapò ak ane fiskal presedan an — pou sipòte efò Divizyon Dwa Moun pou pwoteje Nouyòkè yo, sa gen ladan kominote LGBTQ+ la, kont diskriminasyon ilegal ki baze sou kiyès yo ye. Divizyon Dwa Moun itilize investigasyon, pouswit ak edikasyon pou ranfòse ak ankouraje Lwa sou Dwa Moun, ki entèdi diskriminasyon ki baze sou sèks, oryantasyon seksyèl, idantite oswa ekspresyon seksyèl, estati sivil, laj, ras, orijin nasyonal, andikap ak lòt klas presi.

Pwoteje Kominote LGBTQ+ la

Bidjè Eta Ane Fiskal 2023 a repati tou 25 milyon dola pou sibvansyon Sekirize Kominote yo Kont Krim Rayisans (SCAHC). Anplis de sa, benefis yo pral elaji pou viktim krim rayisans yo, ki pral kounye a kapab jwenn jiska 2,500 dola nan ranbousman - yon ogmantasyon 2,000 dola konpare ak ane pase yo.

Divizyon Dwa Moun nan pral kreye yon Inite Prevansyon Rayisans ak Prejije, ki fèk anonse nan Ajanda Eta Gouvènè Hochul la pou founi yon repons kowòdone, rapid, ak santre sou kominote a pou ensidan sou rayisans ak prejije yo. Responsabilite jeneral inite a pral gen ladan l pou dirije efò apati edikasyon ak sansibilizasyon piblik la, ki ap sèvi kòm yon premye sistèm deteksyon alèt nan kominote lokal yo epi nan mobilize yo rapidman nan zòn ak kominote kote yon ensidan oubyen divès ensidan sou prejije te rive fèt.

Senatè Eta Brad Hoylman te deklare, “Se yon moman istorik pou pwoteksyon dwa LGBTQ+ nan New York. Kòm youn nan sèlman de senatè omoseksyèl ouvètman,

mwen rekonesan pou efò Gouvènè Hochul pou pwoteje popilasyon LGBTQ+ la. Avansman sa yo fè swit ak kèk pwojè lwa presedan pou pwoteje Nouyòkè LGBTQ+ yo ke mwen te defann, sa gen ladan lejislasyon enpòtan tankou GENDA, Lwa sou Rekonesans Sèks, entèdiksyon sou terapi konvèsyon ak anilasyon Walking While Trans. Espesyalman sou baz lejislasyon anti LGBTQ a ki te adopte nan peyi a, efò yo ke Gouvènè Hochul te deplwaye pa ta ka fèt nan pi bon lè".

Rezo Sèvis Sante ak Sosyal pou lesbyèn, omoseksyèl, biseksyèl ak trans-seksyèl nan Eta New York (Rezo a) se yon kowalisyon ki te fonde an 1994 epi ke Sant lan ap administre, ki gen 71 òganizasyon san bi likratif ki espesifik pou LGBT ak ki solidè ak LGBT ki bay swen pou Nouyòkè LGBT yo ak fanmi nou yo.

Manm rezo yo sipòte ak aprann youn ak lòt, ede devlope kapasite epi ogmante kapasite yo pou ankouraje yon eta ki pi sekirite ak solidè pou tout moun LGBT yo. Pa egzanp, rekonèt ke anpil kliyan trans-seksyèl genyen plizyè kalite eksperyans nan lavi—anpil ki enplike yon melanj rasis, klasis ak transfobi oswa omofobi—Rezo a travay pou amelyore kalite resous ak swen chak òganizasyon kapab ofri kominote sa.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418